EURASIAN JOURNAL OF LAW, FINANCE AND APPLIED SCIENCES
Innovative Academy Research Support Center
IF = 7.984
www.in-academy.uz




# MEASURES OF IDENTIFYING AND PREVENTING THE CAUSES OF UNEMPLOYMENT IN PUBLIC EMPLOYMENT

**Dauletbaeva Aysuliw Polatbay qizi**
Karakalpakstan Institute of Agriculture and Agrotechnologies Faculty of Agricultural Mechanization and Water Management, 2nd year student of the specialty "Jurisprudence"
https://doi.org/10.5281/zenodo.14875704

**ARTICLE INFO**

Received: 08th February 2025
Accepted: 14th February 2025
Online: 15th February 2025

**KEYWORDS**

*Labor, Constitution of the Republic of Uzbekistan, Labor Code, Economists, unemployment, legal entities, "On Public Employment."*

**ABSTRACT**

*This article addresses several issues related to employment. Current measures related to employment will be discussed, and several suggestions and recommendations regarding employment are provided.*

# XALIQTI JUMIS PENEN TÁMINLEWDE JUMISSIZLIQ SEBEPLERIN ANIQLAW HÁM OLARDIŃ ALDIN ALIW ILAJLARI

**Dauletbaeva Aysuliw Polatbay qizi**
Qaraqalpaqstan awil xojaliği ham agrotexnologiyalar instituti Awil xojalíğín mexanizaciyalastiriw ham suw xojaliği fakulteti Yurisprudenciya qànigeligi 2-kurs studenti
https://doi.org/10.5281/zenodo.14875704

**ARTICLE INFO**

Received: 08th February 2025
Accepted: 14th February 2025
Online: 15th February 2025

**KEYWORDS**

*Miynet, Ózbekstan Respublikasınıń Konstitusiyasi, Miynet Kodeksi, Ekonomistler, jumıssızlıq, yuridikalıq shaxslar, "Xaliq bántligi haqqinda".*

**ABSTRACT**

*Bul maqalada xaliqti jumis penen ta’minlew baylanisli bir qansha ma’seleler ko’rip shig’iladi. Bugingi kunde xaliqti jumis penen ta’minlewge baylanisli qilinip atirg’an is-ilajlar haqqinda so’z etiledi sonday-aq xaliqti jumis penen ta’minlewge baylanisli bir qansha pikir ha’m usinislar berip o’tiledi.*

Xalıqtı jumıs penen táminlew haqqında sóz eter ekenbiz dáslep insánniń jumıs islew, miynet etiw iskerligine bolǵan talaptıń payda bolıwına tiykarǵı sebep hám onıń rawajlanıp barıw tariyxına biraz toqtalıp ótsek búgingi kúnde aktual mashqalaǵa aylanǵan jumıssızlıqtıń kelip shiǵıw sebepleriniń túp tamrın tabıwda hám onıń aldın aliwda óz nátiyjesin kórsetedi dep oylayman.

Miynet - bul insan hám tábiyat ortasındaǵı óz-ara munasábetlerdiń arnawlı túri bolıp, bul jaǵdayda insan sanalı túrde qoyılǵan maqsetti ámelge asıradı. Miynet iskerligi tildiń

rawajlanıwı sonday-aq, áyyemgi adamlardıń dúnya haqqındaǵı bilimleriniń basqıshpa-basqısh keńeyiwi menen tikkeley baylanıslı halda rawajlanıp kelgen. K. Marks hám F. Engelsler miynet tek ǵana tábiyattı emes insanniń ózin de ózgertiw procesi ekenligin aytıp ótedi. [4]

Insanniń insan sıpatında qáliplesiwinde miynettiń ornı haqqında aytatuǵın bolsaq, miynet óziniń tariyxiy basqıshlarında ózgergenligin jáne onıń ayrım qásiyetleri insan sanasınıń rawajlanıwı menen qálipleskenligin itibarǵa alıwımız kerek. Insan sanası hám miynet iskerliginiń rawajlanıw barısında jámiyette sheriklikte islesiw payda bolıp, miynet háreketleriniń baslanǵısh bólistiriwi payda bolǵan.[4]

Ádetde, jumıs insan ushın zárúr bolǵan mútajlik bolıp tabıladı. Islew - bul ózin aktivlikte kórsetiw bolıp, insanniń haqıyqıy iskerliginde bolǵanı sıyaqlı, miynette de onıń ózliginiń barlıq tárepleri hám kórinisleri ol yamasa bul dárejede qatnasadı. Hár bir miynet túri ózlestiriliwi kerek bolǵan óz aldına quramalı texnikaǵa iye. Solay etip, miynet insan iskerligi sistemasında ayrıqsha orın tutadı. Áyne miynet sebepli insan zamanagóy jámiyetti júzege keltiredi, materiallıq hám ruwxıy mádeniyat obektlerin jaratadı. Insan miynet iskerliginiń kerekli nátiyjesin - maqsetin sintez etedi. Ol eń joqarı sapalı hám nátiyjeli maqsetke erisiw jolların izleydi, jumısınıń nátiyjelerin analiz etedi, qáteleri hám tabilǵan zatların túsinedi.

[2,4]

Búgingi kúnde elimizde erkin miynet qılıw, jumıs ornı hám túrin, kásip tańlaw huqıqı insanniń tiykarǵı sociallıq-ekonomikalıq huqıqlarınan biri retinde xalıq aralıq huqıqıy hújjetlerde de, Ózbekstan Respublikasınıń Konstitusiyasi hám basqa nızamlarda da tolıq huqıqıy tárepten qorǵalǵan. Sol sebepli miynet qılıw huqıqı jáne bul huquqtı ámelge asırıwshı máseleleri hár qanday dúnyalıq hám demokratiyalıq mámleket milliy huqıq sistemasınıń insan huqıqlarına tiyisli bóliminde jetekshi orında turadı. [2] Miynet qatnasiqlarin oraylastırılǵan hám lokal usıllarda tártipke salıwdıń mánisi Ózbekstan Respublikası Miynet Kodeksiniń 4-statyasında belgilep qoyılǵan.[3] Miynetke tiyisli social qatnasiqlardi mámleket tárepinen huqıqıy tártipke salıwdan gózlengen tiykarǵı maqset – puqaralardıń miynet qılıw huqıqlarına kepillik beriw hám ámelge asırıwda huqıqıy shárt- sharayat jaratıw arqalı támiyinlew, sol tiykarda mámleket hám jámiyet rawajlanıwı, insan párawanlıǵına erisiwden ibarat.[2]

Solay bolsa da búgingi rawajlanǵan texnika ásirinde jumıssizlıq mashqalası dúnya júzlik aktual mashqalaǵa aylanıp úlgerdi. Sol orında jumıssizlıq hám jumıssizlıqtıń kelip shiǵıw sebeplerine toqtalıp ótiwdi orınlı dep taptım.

Ekonomistler ǵalabalıq jumıssizlıqtıń haqıyqıy sebepleri haqqında elege shekem tartıslı pikirde.[1]

Klassik teoriyashılari (D.Rikardo, J.S.Mill , A.Marshall h.t.b) jumısızlıqtıń payda bolıwın miynet haqınıń teń salmaqlıǵı asıp ketiwinen miynet talabı menen usınısı arasındaǵı úzilistiń payda bolıwı dep qarasa, jańa klassik mektep wákilleri (J. Perri, M Feldstayn, R. Xoll hám basqalar ) jumıs kúshine talap hám usınısınıń teń salmaqlıǵın saqlaw jumıssizlıqtı boldırmaydı degen pikirlerdi keltiredi. Al, Keynsshiler bolsa (J. M Keyns, R. Godon hám basqalar ) jumıssizlıqtıń tiykarǵı sebebi "nátiyjeli talaptıń" jetkilikli emesliginde ekenligin aytsa, Monetarshilar(M. Fridman, F. Kegen, D. Mayzelman, K. Brunner, A. Moltser hám basqalar ) jumıssizlıqtıń tábiyiy dárejesine itibar qaratadı yaǵniy bul dárejeni siyasat penen de ózgertiw múmkin emesligin keltirse, Institutsional ekonomika teoriyasında (T. Veblen, J. Gelbreyt, D. Kommons hám basqalar ) industirial jámiyet rawajlanıwı menen báseki gúres orayı tovarlar

hám xızmetler bahası ushın gúres salasınan miynet bahası hám sharayatı ushın gúresiw tarawına kóshiwin anıqladi. Usı jónelis tárepdarları mámleket miynet bazarındaǵı rejeli siyasatın bul jerde ámel etetuǵın institutlar arqalı ámelge asırıwı zárúr degen pikirde bolǵan. J. Gelbreyt mámleket jumısı menen bántlik dárejesi joqarı bolıwına ayrıqsha dıqqat qaratadı, sebebi bul jaǵday byudjettiń dáramat bólegin asıradı dep kórsetken.[1]

Biz jumıssızlıqtıń kelip shiǵıwında hár qiyli mektep teoriyashılarınıń pikirlerin analizley otırıp, jumısızlıqtıń payda bolıwında anıq bir fakttı ajıratıp kórsetiw qıyın ekenligin ayta alamız. Yaǵniy jumısqa bolǵan talap tariyx rawajlanıw prosecci ózgerip, insan sanasınıń rawajlanıwı menen tikkeley baylanıslı halda ózgerip turadı. Ilim-pán texnika tez pát penen rawajlanıp, búginimiz tariyxqa aylanıp bara beredi eken, insan sanasıda parallel túrde rawajlanıp bara beredi. Biziń búginimiz XXI ásir texnologiya dáwirine tuwra keler eken biz neni ańlawımız kerek? bul dáwir bizden neni talap etedi? degen sorawlarǵa logikalıq jantasıw arqalı búginniń insanı hár tárepleme rawajlanǵan, haqiyqiy mánide óz tarawınıń jetik mamanı, ózin basqara altuǵıń kúshli, bilimli shaxs bolıwı kerek degen talaptı sezinemiz.

Bántlik hám miynet ministrligi xabarına kóre, 2022 jıldıń 1 yanvar jaǵdayı boyınsha miynet resursları sanı 19, 3 mln adamdı qurap, 2020 jıl sol dáwirine salıstırǵanda 1, 1 paizǵa yamasa 202, 6 mıń adamǵa asqan. Ekonomika tarmaqlarında bánt bolǵanlar sanı 13, 5 mln adamdı qurap, ótken jıldıń uyqas dáwirine salıstırǵanda 2, 3 paizǵa (299, 3 mıń adamǵa) asqan.[6]

2022 jıldıń 1 yanvar jaǵdayında rásmiy sektorda bánt xalıq sanı 6, 1 mln adamdı qurap, 2020 jıldıń sol dáwirine salıstırǵanda yuridikalıq shaxslarda bánt bolǵanlar sanı 6, 3 paizǵa yamasa 314, 8 mıń adamǵa asqanı gúzetilgen.

Rásmiy bolmaǵan sektorda bánt bolǵanlar sanı 5, 8 mln adamdı qurap, 2021 jıldıń 1 oktyabr jaǵdayına salıstırǵanda 1, 0 paizǵa yamasa 58, 4 mıń adamǵa azayǵan. [6]

Ótkerilgen izertlew nátiyjelerine kóre, jumısqa mútáj bolǵanlardıń ulıwma sanı 1, 4 mln adamdı, jumıssızlıq dárejesi ekonomikalıq aktiv xalıq arasında 9, 6 paizdı quraǵan. 16 -30 jasqa deyingiler arasında jumıssızlıq dárejesi - 15, 1 paiz, hayallar arasında bolsa - 13, 3 paiz bolǵan. [6]

2021 jıl yanvar -dekabr aylarında rayon (qala ) Xalıq bantligine kómeklesiw oraylarına 879, 5 mıń puqara jumıs tabıwǵa járdem sorap shaqırıq etken. Shaqırıq etken puqaralardıń 393, 8 mıńı jumıs penen támiyinlengen.[6]

Mámleketimizde jumıssızlıqtıń aldın alıwǵa qaratılǵan kóplegen is-ilajlar ámelge asırılmaqta, Xalıq bántligine kómeklesiw oraylari xalıqqa elede qolaylı xizmet kórsetiw maqsetinde internet tarmaqlarında ózleriniń saytların jaratıp, bos jumıs orınları haqqında maǵluwmatlar berip kelmekte.

"Xaliq bántligi haqqinda"ǵı Ózbekistan Respublikası Nızamı Nızamshılıq palatası tárepinen 2020 -jıl 28-aprelde qabıl etilip, Senat tárepinen 2020 -jıl 7-avgustda maqullanǵan. Bul nızam 19 bap 123 statyanı óz ishine alıp onıń 1-ulıwma qaǵıydalar babı 3- statiyası tiykarǵı túsinikler bóliminde:

"Birden-bir milliy miynet sisteması" keńseler aralıq programmalıq -apparat kompleksi — miynet bazarı hám bántlik, miynet resursları balansı, payda bolǵan jumıs orınları haqqındaǵı qalıs, úzliksiz jańalap barılatuǵın maǵlıwmatlar bazasın óz ishine alǵan, jumıs beretuǵınlar hám xızmetkerlerge miynet munasábetlerin elektron formada rásmiylestiriw, jumısqa jaylasıwdıń

shaxsqa tiyisli tariyxı, bos (vakant) jumıs orınların, xızmetkerlerdiń san hám sapa quramı haqqindağı mağlıwmatlardı qáliplestiriw hám de saqlaw ushın maydansha usınıs etetuǵın elektron informaciya sisteması haqqında aytıladı. [5]

Sol tiykarda mámleketimizde birden-bir ashiq Vacancy.argos.uz vakantsiyalar portalı iske túsirildi. Bunıń ózide jumıssızlıqtıń aldın alıwǵa qaratılǵan úlken qádemlerdiń biri ekenligin ayta alamız.

Juwmaqlap aytatuǵın bolsaq xalıqtı jumıs penen támiynlewde jumıssızlıqtı keltirip shıǵaratuǵın sebeplerdi anıqlastırıw hám olarǵa durıs sheshim tabıw kerek boladı. Men usı jerde kóbirek itibardı puqaralardıń ózleriniń qızıqqan kálb kásiplerin tabıwda durıs tańlaw qılıp sol taraw boyınsha oqıp bilim alıwlarına qaratqım keledi. Sebebi biziń jámiyette kóbinese "Erteń kim bolaman" degen sorawdı ózlerine qoymastan, oqıp diplom alsam boldı degen túsinik penen dus kelgen oqıwǵa tapsırıw jaǵdayları kóp ushırasadı. Bul bolsa bir tárepten jumıssızlıqtıń kelip shıǵıwına sebepshi bolsa yaǵniy ózi qızıqpaytuǵın tarawdı tamamlaǵan student bul tarawda jumıs islegisi kelmeydi, jáne bir tárepten jumıs sapasına keri tásir etedi yaǵniy eger jumıs islegen jaǵdayda sapalı jumıs kórsete almaydı. Bizdegi jumıssızlıqtıń basım kópshiliginiń tiykarǵı sebebi mine usında dep oylayman.

Xalıqtı jumıs penen táminlewde jumıssızlıq sebeplerin anıqlaw hám olardıń aldın alıw ilajları boyınsha:

- Ekinshi qánegelikke oqıw múdetin 4-jıllıqtan 2-jıllıqqa qısqartıw;
- Bos jumıs orınların jaratıwda mámleketlik emes shólkemlerdi kóbeytiw hám olarda miynet dáptershesin júritiw jumıslar alıp barılsa maqsetke muwapıq boladı dep oylayman.

## References:

1. Razzoqov A. va b., Iqtisodiy ta'limotlar tarixi, T., 1997
2. Yo. Tursunov. Ózbekiston Respublikasining mehnat huquqi T. 2012
3. Ózbekiston Respublikasining mehnat kodeksi
4. https://zelenyugol.ru/uz/
5. https://lex.uz/
6. kun uz